

**Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Asistans Finansyè
pou Pwopriyetè Kay Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)
Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**

Mèsi pou enterè ou nan Sant Akèy Boston an. Pi ba a w ap jwenn yon lis dokiman ou bezwen mete ansanm avèk aplikasyon w nan. Tanpri asire w ou mete tout dokiman egzijib ki nan lis la.

Lè aplikasyon w nan konplè avèk tout dokiman ki pi ba yo, tanpri voye yo pa lapòs nan:

**The Boston Home Center
Attn: Homeowner Assistance
Programs 26 Central Ave
Hyde Park, MA 02136**

Kou nou resevwa pake sa a, n ap voye yon notifikasyon alekri ba ou sou estati aplikasyon w nan.

DOKIMAN EGZIJIB POU TOUT MOUN K AP APLIKE YO:

1. Aplikasyon pou Pwogram nan ki Konplete epi Siyen. Ou dwe mete tout pwopriyetè yo nan aplikasyon an.
2. Dokiman Divilgasyon Pwogram nan ki ranpli epi siyen
3. Kopi Ak ki Anrejistre a (yo rele tou yon “Ak Renonsiyasyon Dwa”, “Ak Garanti”, oswa “Sètifika Tit”). Ou kapab jwenn yon kopi nan Edward Brook Courthouse - Registry of Deeds, 24 New Chardon Street, Boston, oswa ale sou www.suffolkdeeds.com.
4. Si sa nesesè, yon Ak Desè orijinal pou tout moun mouri ki nan lis ak anrejistre a (si yo pa anrejistre l nan Rejis Ak nan Suffolk la). Ou kapab jwenn yon Ak Desè nan Registry of Births, Deaths, and Marriages, City Hall, Room 213, Boston, MA, 02201
5. Kopi Polis Asirans Aktyèl Pwopriyetè Kay la. Si kay la nan yon zòn yo idantifye kòm zòn inondasyon, yon dokimantasyon sou pwoteksyon asirans obligatwa.
6. Kopi Deklarasyon Taks Federal ki siyen e ki pi resan an, avèk ladan Fòmilè W-2 yo ak tout Anèks yo. (Fòmilè IRS 1040, 1040A, oswa 1040EZ) pou tout pwopriyetè yo. Si ou se yon Travayè Endepandan, bay yon Deklarasyon Pèt ak Pwofi pou ane a jiska dat ke ou menm ak kontab ou a siyen, ak kopi Deklarasyon Taks Federal pou de (2) dènye ane yo.

**Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Asistans Finansyè
pou Pwopriyetè Kay Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)
Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**

7. De (2) souch chèk pewòl aktyèl pou tout moun nan kay la ki genyen 18 lane oswa plis, ak/oswa prè revni ki soti nan tout lòt souso tankou Lèt Atribisyon Sekirite Sosyal, Konpansasyon pou Chomaj, Pansyon, elatriye.*
8. Relve pou Prè Ipotekè aktyèl pou tout prè imobilye, ki gen ladan yo nenpòt prè patisipatif oswa prè pou renovasyon. Mete ladan yon lèt eksplikasyon pou itilizasyon prè patisipatif la.
9. Kopi relve kont epay, kont chèk ak lòt kont ki pi resan yo ki soti nan tout enstitisyon depozitè yo (tankou 401K yo, aksyon yo, obligasyon yo, kooperativ kredi yo, eksetera) pou tout pwopriyetè yo
10. Bay de (2) estimasyon ki sòti nan men antreprenè ki genyen lisans pou reparasyon kay ou a. Tanpri ajoute yon kopi dokiman sa a pou antreprenè ou chwazi a: Sètifika pou Anrejistreman Amenajman Kay, Lisans Konstriksyon, Sètifika Renovatè EPA, ak Asirans Responsabilite Sivil

**Pou tout mounki genyen plis pase 18 lane. Si moun nan (yo) pap travay, yo dwe bay kopi kanè lekòl oswa eksplikasyon sou sikonstans yo ak yon Afidavit ki deklare Pa Gen Revni.*

Yo kapab mande moun k ap aplike a enfòmasyon finansyè anplis. Ou dwe bay Vil Boston an tout enfòmasyon yo mande yo.

Remak: Ekri nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou panse nou ta dwe konnen pou nou trete aplikasyon w nan.

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)
Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)

Tanpri tcheke ti kare akote pwogram espesifik w ap aplike pou li a:

- ☐ HomeWorks HELP
- ☐ Senior Home Repair
- ☐ Lead Safe Boston
- ☐ Pwogram ADU

I. Enfòmasyon sou Aplikan an

Aplikan an: _____
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Telefòn: _____
Kay Selilè Travay

Sitwayen Ameriken?

☐ Wi

☐ Non

Rezidan?

☐ Wi

☐ Non

Ko-Aplikan an: _____
Non Inisyal Dezyèm Prenon Siyati

Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Phone: _____
Kay Selilè Travay

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY

Sant Akéy Boston (The Boston Home Center)
Depatman Devlopman Katye
(Department of Neighborhood Development)

Sitwayen Ameriken?

☐ Wi

☐ Non

Rezidan?

☐ Wi

☐ Non

II. Enfòmasyon sou Revni Fwaye

Bay lis tout moun k ap viv nan pwopriyete a. Ou dwe bay revni pou tout moun nan kay la ki genyen plis pase 18 lane.

Non Moun nan Kay la	Dat de Nesans	Relasyon avèk Aplikan an	Revni Anyèl Anvan Taks**
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____

Kantite total moun ki nan kay la: _____

*** Sous revni yo genyen salè, lè sipleman, bonis, komisyon, prestasyon sekirite sosyal/retrèt, alokasyon chomaj, revni dividand/enterè, prestasyon sosyal, pansyon alimantè/pansyon alimantè pou timoun ak tout lòt revni.*

Èske aplikan an te resevwa asistans finansyè nan men Depatman Devlopman Katye Vil Boston an nan lecase?

☐ Wi

☐ No

Si wi, ki dat ou te resevwa asistans finansyè a?

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Kisa objektif asistans finansyè a te ye? _____

Ki adrès pwopriyete kote ou te resevwa asistans finansyè a?

III. Enfòmasyon sou Byen

Valè tout lòt imèb ou posede (ki pa kay prensipal la): \$ _____

Total kòb nan kont kouran ak epay: \$ _____

Èske ou vann nenpòt byen nan de (2) dènye ane yo pi ba pase jis pri mache a?

☐ Wi

☐ Non

IV. Enfòmasyon sou Pwopriyete

Tanpri tcheke kalite pwopriyete a:

☐ Kay pou 1 Fanmi

☐ Kay pou 2 Fanmi

☐ Kay pou 3 Fanmi

☐ Kay pou 4 Fanmi

☐ Kondominyòm

Tanpri bay detay sou reparasyon andedan ak deyò ki nesèsè yo:

Enfòmasyon sou Lojman an Lokasyon (ranpli li sèlman si sa aplikab):

Nimewo Lojman ki nan Lokasyon an	Vid? (Wi/Non)	Kantite Chanm	Non Lokatè	Lwaye Mansyèl
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

Èske pwopriyete a bezwen travay pou yo retire plon?

☐ Wi

☐ Non

Si "Wi", èske yon timoun pi piti pase 6 lane ap viv oswa pral viv nan pwopriyete a?

☐ Wi

☐ Non

Si "Non", èske yon timoun pi piti pase 6 lane vini nan pwopriyete a sou yon baz regilyè?

☐ Wi

☐ Non

Si "Wi", konbyen èdtan pa semèn timoun lan pase/pral pase nan pwopriyete a?

V. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri ranpli seksyon sa a pou ede nou konplete egzijans maketing pozitif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras/Gwoup Etnik moun ki nan kay ou a (tcheke tout sa ki aplikab):

☐ Endyen Ameriken/Natif

Natal Alaska

☐ Azyatik

☐ Nwa oswa Afwo-Ameriken

☐ Natifnatal Awayi oswa lòt

Moun Zile Pasifik

☐ Blan

☐ Ispanik oswa Latino

☐ Lòt:

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

☐ Wi

☐ Non

Èske Aplikan an genyen plis pase 62 lane?

☐ Wi

☐ Non

Èske Aplikan an se yon Chèf Fwaye Fanm?

☐ Wi

☐ Non

APLIKASYON POU PWOGRAM REPARASYON KAY Sant Akéy Boston (The Boston Home Center) Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development)

VI. Siyen epi Mete Dat la

Mwen deklare sou pèn fo sèman enfòmasyon annapre yo egzak, presi, konplè epi fidèl nan tout sans. Mwen otorize, atravè dokiman sa a, pou Vil Boston verifye defason endepandan enfòmasyon ki bay la yo. Mwen sètifye mwen li Divilgasyon Pwogram lan epi mwen dakò avèk Tèm ak Kondisyon pwogram sa a. Mwen konprann ke selon Lwa Fo Deklarasyon (False Claims Act), 31 U.S.C. §§3279-3733 la, moun ki konnen yo soumèt ak tout konsyans yo, oswa yo lakòz lòt moun oswa antite soumèt fo reklamasyon pou peman ki soti nan fon gouvènman, moun sa yo responsab pou twa fwa lavalè domaj gouvènman an plis sanksyon sivil pou chak fo reklamasyon.

Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Aplikan an

Dat

Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache)

Siyati Ko-Aplikan an

Dat

- ☐ *Lè mwen tcheke ti kare sa a, mwen konnen lè mwen tape non mwen, li ranplase ofisyèlman siyati m sou dokiman sa a.*

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan – Reparasyon Kay Granmoun Depatman Devlopman Katye – The Boston Home Center (Sant Akèy Boston)

Pwogram Reparasyon Kay Granmoun Boston Home Center (Sant Akèy Boston) an ofri sèvis reparasyon kay pou granmoun ki pwopriyetè kay ki elijib selon revni yo ki abite Boston. Pwogram nan, Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development, DND) bay la, ofri prè difere pou asiste granmoun ki elijib selon revni yo ki abite nan yon pwopriyete rezidansyèl 1-4 gras ak lajan federal Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Depatman Ameriken Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) bay Vil Boston an. Dokiman deskripsyon sa a dwe siyen nan moman aplikasyon an; yon dokiman Kondisyon Jeneral ap siyen nan moman angajman finansman an. Pwogram sa a depannde disponibilite finansman an.

EGZIJANS POU ELIJIBILITE

Pou kalifye pou Pwogram Reparasyon Kay Granmoun nan, tout sa yo dwe vre:

- Pwopriyetè Kay ki kandida a dwe gen 62 lane oswa plis
- Kandida a dwe yon pwopriyetè- okipan yon pwopriyete famiyal 1-4 nan Boston pandan dis (10) lane pou pi piti
- Pwopriyete ki bezwen reparasyon an dwe rezidans prensipal pwopriyetè kay la
- Ajou sou peman Boston Water and Sewer yo
- Ajou sou peman taks sou pwopriyete bay Vil Boston an
- Revni fwaye a pa depase 80% Revni Mwayen Zòn nan selon sa HUD te detèmine (Gade tablo ki anba la a)

80% Revni Mwayen CDBG HUD pou Pwopriyetè-Okipan ak/oswa Lokatè yo:

Fwaye ki gen 1 moun \$66,650	Fwaye ki gen 3 moun \$85,700	Fwaye ki gen 5 moun \$103,950
Fwaye ki gen 2 moun \$76,150	Fwaye ki gen 4 moun \$96,250	Fwaye ki gen 6 moun \$110,450

- Pou pwopriyete ki gen plizyè fanmi, 51% oswa 67% fwaye okipan yo pa dwe depase 80% AMI an jan HUD te detèmine sa. (Gade tablo ki anlè la a). Sa vle di yon (1) fwaye yon pwopriyete ki gen de (2) fanmi, de (2) fwaye yon pwopriyete ki gen twa (3) fanmi ak twa (3) fwaye yon pwopriyete ki gen kat (4) fanmi dwe respekte direktiv sou elijibilite selon revni yo.

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan-Reparasyon Kay Granmoun-2

KONDISYON JENERAL PWOGRAM NAN

- A. Mwen konprann itilizasyon sengilye a “Mwen”; “pa m” “Benefisyè” ak “Pwopriyetè Kay” gen ladan l pliriyèl la nan ka gen plis pase yon Pwopriyetè Kay.
- B. Mwen konprann mwen dwe sèl pwopriyetè pwopriyete ki pral reyabilite a epi li dwe rezidans prensipal mwen pandan dis lane oswa plis epi pandan dire prè a.
- C. Mwen konprann revni total anyèl fwaye mwen an pa dwe depase 80% revni mwayen zòn nan selon HUD.
- D. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, mwen dwe ajou sou peman taks sou pwopriyete imobilye pou tout pwopriyete mwen posede nan Vil Boston an epi okenn peman paka fèt nan kad Pwogram sa a si m pa ajou sou peman taks yo.
- E. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, mwen pa gen okenn aryere peman pou Boston Water and Sewer Commission (BWSC) pou okenn pwopriyete mwen posede nan vil Boston an epi mwen konprann okenn peman paka fèt nan kad Pwogram sa a si m pa ajou sou peman BWSC yo.
- F. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, ni mwen, ni moun mwen fè biznis avè yo, ni manm fanmi imedyà m pa aktyèlman ni nan douz (12) mwa ki sot pase yo, yon anplwaye, ajan, konsiltan, responsab oswa fonksyonè yo vote oswa nonmen nan Depatman Devlopman Katye Vil Boston an. Pou dokiman deskripsyon sa a “manm fanmi imedyà” gen ladan yo paran, madanm oswa mari, frè oswa sè oswa pitit, kèlkeswa rezidans yo.
- G. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, ni mwen, ni manm fanmi imedyà m pa yon anplwaye aktyèl oswa pat anplwaye nan douz (12) mwa ki sot pase yo nan Biwo Devlopman Mendèv Vil Boston an, Biwo Lojman Desan ak Ekite li a oswa yon lòt òganizasyon ki finanse atravè lajan Finansman Global Devlopman Kominotè a.
- H. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, yo pat rekonèt mwen koupab asèlman lokatè nan Tribinal Lojman an epi mwen pa yon defandè nan yon plent penal nan Tribinal Lojman an.
- I. Mwen konprann ke nan moman aplikasyon an, yo pat rekonèt mwen koupab vyolasyon lwa sou Lojman Desan, ni mwen pa nan pwosè aktyèlman pou vyolasyon sa yo ni mwen pa nan medyasyon aktyèlman avèk Lojman Desan ak Ekite Boston, ni Komisyon Kont Diskriminasyon Massachusetts la (Massachusetts Commission Against Discrimination, MCAD).

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan-Reparasyon Kay Granmoun-3

- J. Mwen konprann ke kòm Benefisyè Pwogram nan, map aksepte pèsònèl DND a oswa antreprenè a mete yon ansèy ki endike pwopriyete a ap reyabilite avèk asistans DND/Boston Home Center (Sant Akèy Boston). Ansèy sa yo kap mezire anviwon de (2) pye pa twa (3) pye, dwe rete afiche pandan dire peryòd konstriksyon an epi pandan (30) jou apre.
- K. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, si pèsònèl DND a mande m sa, mwen dwe aksepte pale ak laprès epi patisipe nan yon evènman laprès ak/oswa lòt piblisite ki gen rapò ak pwojè DND ap finanse a.

REYABILITASYON

- A. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map pèmèt reprezantan Divizyon Boston Home Center (Sant Akèy Boston) DND a egzamine epi enspekte deyò ak anndan estrikti a, ki gen ladan l tout inite abitasyon yo epi mwen aksepte korije tout eleman sante ak sekirite ki gen rapò ak reparasyon kay la.
- B. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen dwe aksepte konfòme m ak règleman apwopriye HUD yo, yo rele Pratik Travay Sekirite nan Plon yo. Pratik sa yo nesesite pou antreprenè yo estabilize tout penti ki detache epi/oswa dekale epi izole zòn kote penti a gen pwoblèm pou pousyè penti pa antre nan lòt zòn kay la. Pratik Travay Sekirite nan Plon yo endike nan Règleman 24 CFR de HUD, Seksyon 35. Règleman Massachusetts ki gen rapò ak Prevansyon ak Kontwòl Anpwazònman ak Plon 105 CMR 460.00 yo, Lwa Jeneral Massachusetts Chapter 111, ak Règleman Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) ameriken an sou Renovasyon, Reparasyon ak Penti.
- C. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen dwe respekte direktiv ak règleman ki konsène kay ak distri ki liste nan Rejis Nasyonal Anplasman Istorik yo oswa Komisyon Istorik Eta a oswa Komisyon Anblèm Vil Boston an detèmine kòm yon Land Mark District (Distri Anblematik). Non-respè a ap antrene inelijibilite eleman travay sa a pou asistans.
- D. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map gen pou m analize epi apwouve Espesifikasyon Preliminè yo ak estimasyon Pri a anvan nou mande antreprenè yo soumèt estimasyon pri pa yo.
- E. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map otorize antreprenè/soumisyonè potansyèl yo reyalize yon enspeksyon travay la nan yon lè ak yon dat nou detèmine.
- F. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen ka fè nenpòt Antreprenè mwen chwazi bide sou reyabilitasyon ki dwe fèt sou pwopriyete a, depi li kalifye nan sa ki gen pou wè ak asirans epi depi li gen lisans pou travay ki dwe fèt la nan moman emisyon bon kòmand la.

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan-Reparasyon Kay Granmoun-4

- G. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, si mwen vle yon antreprenè patikilye reyalize travay reyabilitasyon an, map enfòme ajans la anvan antreprenè a fè analiz epi pran estimasyon pri yo.
- H. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map pèmèt reprezantan Divizyon Boston Home Center (Sant Akèy Boston) DND a egzamine epi enspekte deyò ak anndan estrikti a, ki gen ladan l tout inite abitasyon yo anvan, pandan epi apre konstriksyon an. Peman final la kondisyon ak enspeksyon epi sètifikasyon pèsònèl DND ki di tout travay yo fèt ak satisfaksyon.
- I. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, antreprenè jeneral la jwenn tout pèmi konstriksyon ki nesesè pou travay ki dwe fèt la epi lap kite pèmi konstriksyon orijinal la avè yo anvan kòmansman pwojè a. Si antreprenè a pa bay pèmi konstriksyon an, map notifie Espesyalis Konstriksyon DND a touswit. Pri pou jwenn pèmi sa yo dwe enkli nan pri soumisyon antreprenè a.
- J. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, peman bay antreprenè a ka fèt sèlman pou eleman ki sou deskripsyon Travay ki apwouve a. Benefisyè a, Antreprenè a ak Espesyalis Konstriksyon DND a dwe apwouve tout Demand Chanjman yo. Si Benefisyè a mande pou Antreprenè a fè travay ki pa sou deskripsyon Travay la, se responsab li pou li peye travay sa a. Sepandan, Espesyalis Konstriksyon DND a dwe enfòme sou tout travay adisyonèl.
- K. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, peman an dwe fèt dirèkteman bay Antreprenè ki reyalize travay reyabilitasyon an, sèlman apre Espesyalis Konstriksyon DND a fè enspeksyon an epi aksepte travay la.
- L. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, peman final la dwe fèt bay Antreprenè ki reyalize travay reyabilitasyon an, sèlman apre Depatman Sèvis Enspeksyon Vil Boston an, Espesyalis Konstriksyon DND a ak pwopriyetè kay la fè enspeksyon final la epi aksepte travay la. Malgre pwosedi sa a, si mwen depoze yon objeksyon alekri pou peman bay Antreprenè a bòkote Divizyon Sèvis Pwopriyetè Kay la nan limit sèt (7) jou apre enspeksyon final ISD ak DND fè epi apwobasyon yo bay poutèt enkyetid sou kalite travay reyabilitasyon an, DND ap pran yon enspektè endepandan pou detèmine si travay reyabilitasyon an kòrèk. Konklizyon enspektè endepandan an ap final epi lap detèmine si Antreprenè a ap resevwa peman.
- M. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen rekonèt ke, pandan pwosesis la, si li detèmine mwen pa elijib selon kondisyon ki endike nan Seksyon A-K ki anlè la a, map sèl responsab pou tout peman Antreprenè a. Si m pa peye, Antreprenè a ka fè rekou legal yo.
- N. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map rann tout kote yo aksesib pou Antreprenè a epi map retire tout afè pèsònèl mwen nan kote sa yo pou yo pa entèfere ak ekzekisyon travay nesesè a nan tan li dwe fèt la epi pou evite andomaje bagay sa yo. Epitou, map rann kote sa yo disponib pou Antreprenè a soti 7:00 a.m. rive 5:00 p.m. soti lendi rive samdi.

LOKATÈ AK ITILIZASYON PWOPRIYETE A

- A. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen paka transfòme pwopriyete a pou fè l tounen kondominyòm pandan yon peryòd dis (10) lane apre konstriksyon an.
- B. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen pap fè diskriminasyon sou baz ras, koulè po, sèks, relijyon oswa orijin nasyonal nan lwaye, lokasyon oswa itilizasyon ak okipasyon pwopriyete a.
- C. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, se fwaye ki gen revni fèb ak mwayen (fwaye ki gen revni ki pi piti pase 80% revni mwayen an pou PMSA Boston an) kap gen pou okipe yon majorite inite abitasyon yo apre reyabilitasyon an fin fèt. Mwen konprann akseptasyon m nan Pwogram nan ka baze sou kategori revni lokatè sa yo sou rezèv verifikasyon revni sa yo (ki ekskli de (2) pwopriyete famiyal kòm revni an baze sou elijibilite selon revni Benefisyè a sèlman).
- D. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map fè antretyen pwopriyete a epi map asire amelyorasyon yo kont pèt atravè dife oswa lòt danje ki nan tèm “pwoteksyon elaji” a ak tout lòt danje ki gen ladan yo inondasyon ki nesesite asirans.
- E. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, pwodi asirans la ap aplike sou restorasyon ak reparasyon pwopriyete ki domaje a, si restorasyon oswa reparasyon yo fezab sou plan ekonomik.
- F. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, m dakò lokatè ki deja la yo pa dwe deplase kòm konsekans travay reyabilitasyon ki reyalize atravè Pwogram nan.
- G. LÈT LOKATÈ – Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map bay Lokatè yo yon Lèt Lokatè DND ak yon anvlòp retou nan objektif pou jwenn enfòmasyon ki nesesè sou plan federal sou tout lokatè, espesifikman revni lokatè a, gwosè fanmi an, ras ak sèks fwaye a. Lokatè yo ap gen pou yo retounen Lèt Lokatè a dirèkteman bay DND nan anvlòp yo te ba yo a. Pou pwopriyete ki gen plizyè fanmi yo, 51% oswa 67% fwaye okipan yo pa dwe depase 80% revni famiyal mwayen an selon sa HUD detèmine (Gade tablo Limit 80% Revni Mwayen Zòn CDBG HUD pou Pwopriyete-Okipan ak Lokatè nan paj 1.)

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan-Reparasyon Kay Granmoun-6

FINANSMAN

- A. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen dakò enskri nan Pwogram Reparasyon Kay Granmoun nan.
- B. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, mwen pral aplike nan DND pou yon prè difere. Sa a se yon sibvansyon san enterè, ke kondisyon l dwe etabli epi garanti nan yon Biyè Peyab ak yon Ipotèk ki dwe siyen nan Siyati prè a.
- C. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, si pwopriyete a vann, transfere oswa si tit la transfere yon lòt fason, mwen dwe ranbouse prè a bay Vil Boston an.
- D. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map achte prim asirans minimòm nan si pwopriyete a lokalize nan yon zòn plenn ki ka inonde ke HUD detèmine.
- E. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, map kenbe asirans pwopriyetè kay ka pou garanti ranplasman.
- F. Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, sibòdinasyon pou refinansman pwopriyete m nan ap otorize sèlman pou rezon sa yo: Rediksyon nan to enterè ak reyabilitasyon pwopriyete a. Dèt total la paka depase 85% valè ekspètiz la. Mwen ka ranbouse prè a okonplè nenpòt lè san penalite pou peman alavans.

ODIT

Mwen konprann ke kòm Benefisyè pwogram nan, tanzantan DND ka reyalize pwosedi odit atravè yon echantyon ka oaza pou yo konfòm ak direktiv sou Sibvansyon Federal Global Devlopman Kominotè yo, mwen aksepte koopere nèt pou yon odit/ankèt pwopriyete a si sa nesesè.

Dokiman Deskripsyon Pwogram nan-Reparasyon Kay Granmoun-7

RENONSIYASYON

Pwogram Reparasyon Kay Granmoun nan se yon pwogram prè kondisyonèl pou pwopriyetè kay yo fè reparasyon kay yo chwazi fè. Vil la pa yon pati nan kontra ant pwopriyetè kay la ak antreprenè a. Pwogram Reparasyon Kay Granmoun nan pa bay antreprenè yo, lòt moun oswa antite ki pa yon pati nan kontra prè sa a okenn dwa.

Pwopriyetè kay la sètifye li konprann tout kondisyon jeneral ki anlè la yo epi tout enfòmasyon Pwopriyetè kay la bay yo, li bay yo pou l jwenn yon prè asistans pou lojman ak asistans teknik nan men Vil Boston an, epi enfòmasyon sa yo vre epi konplè selon konsyans ak konviksyon Pwopriyetè kay la. Tout fo deklarasyon entansyonèl sou tout bagay enpòtan ki gen rapò ak pwogram sa a ka antrene yon refi benefis yo oswa yon ranbouseman bay Vil la pou tout benefis li te deja akòde nan kad Pwogram nan. Fo deklarasyon sa yo se yon vyolasyon lwa Federal ak Eta yo.

Siyen sou sèman.

Pwopriyetè Kay/Kandida (Siyati)

Pwopriyetè Kay/Ko-Kandida (Siyati)

Pwopriyetè Kay/Kandida
(Non enprime)

Pwopriyetè Kay/Ko-Kandida
(Non enprime)

Dat

Dat